**दिन–सोमवार** **दिनांक–12.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एखन सँ कनेक कालक बाद नव दिल्ली मे विकसित भारत यंग लीडर्स डायलॉग के समापन सत्र मे सम्मिलित होयताह। श्री मोदी अंतर्राष्ट्रीय संगठनक युवा प्रतिनिधि सहित देश–विदेशक लगभग तीन हजार युवा सभ सँ गपशप सेहो करताह। चुनल गेल प्रतिभागी प्रधानमंत्रीक सोझा अपन प्रस्तुति देताह। कार्यक्रमक दरमियान प्रधानमंत्री विकसित भारत यंग लीडर्स डायलॉगक लेल निबंध संग्रह जारी करताह।

---

आइ राष्ट्रीय युवा दिवस अछि। महान आध्यात्मिक विभूति आ दार्शनिक स्वामी विवेकानंदक जयंतीक अवसर पर प्रत्येक वर्ष बारह जनवरी कऽ ई दिवस मनाओल जाईत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्वामी विवेकानंद कँ हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सत्रह जनवरी कऽ पश्चिम बंगालक मालदा सँ देशक पहिल वंदे–भारत स्लीपर ट्रेन कँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा करताह। ई ट्रेन हावड़ा सँ कामाख्याक मध्य चलत। पूर्वोत्तर सीमांत रेलवेक महाप्रबंधक चेतन कुमार श्रीवास्तव आइ कटिहार मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे आन छओ ट्रेनक शुभारंभ करताह जे कि विभिन्न मार्ग सँ बेंगलूरू, त्रिचूलापल्ली, नागरकोल आ मुंबई धरि चलत। महाप्रबंधक जनौलनि जे सत्रह जनवरी कऽ कटिहार रेलमंडलक पांच रेलवे स्टेशन बालूरघाट, राधिकापुर, रंगापानी, सिलीगुड़ी आ न्यू जलपाईगुड़ी सँ सभ नव ट्रेनक शुभारंभ होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोलह जनवरी सँ राज्यव्यापी समृद्धि यात्रा पर निकलताह। एहि यात्राक माध्यम सँ मुख्यमंत्री राज्यक सभ जिलाक दौरा कऽ विकास योजना सभक समीक्षा करताह। मुख्यमंत्रीक यात्रा के लऽकऽ मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत सभ विभागक प्रधान सचिव आ सभ जिलाधिकारी कैँ पत्र लिखलनि अछि। यात्राक दरमियान मुख्यमंत्री शिक्षा, स्वास्थ्य, आधारभूत संरचना, पेयजल, रोजगार आ महिला सशक्तिकरण सँ जुड़ल योजना सभक जायजा लेताह। समृद्धि यात्राक क्रम मे मुख्यमंत्री सात निश्चय सँ संबंधित योजना सभक स्थल निरीक्षण करबाक संग आम लोक सभ सँ संवाद सेहो करताह। मुख्यमंत्रीक ई यात्रा राज्यक विकासक काज सभ के गति देबाक उद्देश्य सँ आरंभ कयल जा रहल अछि।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्रा सँ प्रदेश मे विकास योजना सभ के नव गति भेटत। बेगूसराय मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री सरावगी कहलनि जे समृद्धि यात्राक दरमियान मुख्यमंत्रीक पछिला प्रगति यात्राक क्रम मे कयल गेल कतेको घोषणा सभक कार्यान्वयनक सेहो समीक्षा होयत।

---

दरभंगा राज परिवारक महारानी कामसुंदरी देवी के आइ भोर दरभंगा मे निधन भऽ गेल। ओ तिरानवे वर्षक छलीह आ पछिला किछु दिन सँ बीमार चलि रहल छलीह। कामसुंदरी देवी महाराजा कामेश्वर सिंह के पत्नी छलीह। हुनक निधनक खबरि सँ पूरा मिथिला मे शोकक लहरि व्याप्त अछि। हुनक अंतिम संस्कार दरभंगा राजक शमशान माधवेश्वर परिसर मे कयल गेल।

---

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे रौद होयबा सँ लोकसभ कैँ ठंढा सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधिकतम तापमान मे दू सँ पांच डिग्री सेल्सियस जखनकि न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि वृद्धि भेल अछि। आइ चारि दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग समस्तीपुरक पूसा प्रदेशक सभ सँ ठंढा स्थान रहल।

---

लखीसराय जिलाक ताइक्वांडो खेलाडी अमीषा पटेल अंडर थर्टी एइट किलोग्राम भार वर्ग मे शानदार प्रदर्शन करैत टॉप एइट खेलाड़ी सभ सूची मे अपन स्थान बनौलनि अछि। एकर संगहि, ओ वर्ल्ड स्कूल स्लेक्शन ट्रायल आ खेलो इंडियाक लेल सेहो चयनित भऽ भेलीह अछि।

————————————————————————

सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्रक शिवनगर मे पुलिस आ जिला **आसूचना इकाई** के टीम छापामारी कऽ चारि लाख तीस हजार टाका मूल्यक प्रतिबंधित कफ सीरप बरामद कयलक अछि। एहि मामिला मे एक तस्कर के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

————————————————————————

समाप्त